



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 21 me 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE NOUYÒKÈ ITILIZE OPEN.NY.GOV POU SIPÒTE MACHE AGRIKÒL AK BIZNIS BWASON LOKAL**

***Nouvo Enfòmasyon te Ajoute nan Open.NY.Gov pou Ede Nouyòkè Jwenn Mache Agrikòl lokal, etablisman diven, brasri, ak Distiri***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gen nouvo enfòmasyon ki ajoute sou sitwèb transparans enfòmasyon konplè eta a ki pral pèmèt Nouyòkè jwenn fasilman mache agrikòl, etablisman diven, brasri, ak distiri toupre lakay yo.

“Ak ete a kap rive sou nou la, m ap ankouraje Nouyòkè chwazi pwodi fre nan mache agrikò lokal, ale bwè nan yon brasri lokal, ouben vizite yon viyòb vwazen, epi sipòte sektè agrikilti, touris, ak bwason kap devlope yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Kounye a eta a ofri yon gwo varyete enfòmasyon sou [sit.ny.gov](http://sit.ny.gov) sou mache agrikòl, etablisman diven, brasri, ak distiri lokal, pou ede Nouyòkè, otorite touris, ak goudenman lokal pote nouvo kliyan nan ti biznis eta nou yo.”

Nan mwa mas, Gouvènè a te lanse [open.ny.gov](http://open.ny.gov) pou bay - pou premye fwa - yon sèl aksè fasil pou jwenn enfòmasyon ki soti nan ajans, lokalite, ak goudenman federal Eta New York. Sitwèb la bay enfòmasyon sou devlopman ekonomik, sante, lwazi, ak sèvis piblik.

“Deplizanpli, kliyan ap mande pwodi lokal fre,” te deklare pwopriyetè Oyster Bay Brewing Company, Gabe Haim. “Nouvo kat entèaktif sa pral ede konsewa brasri tankou pa nou yo pou satisfè demann, non sèlman nan bay enstriksyon dirèkteman nan nouvo lokal nou an, men tou kote yo kapab achte pwodi nou yo nan mache agrikòl nan tout eta a.”

“Soti nan pran plezi nan tout brasri manm New York City Brewers Guild yo, rive nan vizit nouvo lokal pwodisyon pou Shmaltz Brewing nan nò Albany, ak nan echantiyon ak acha pwodi nan mache agrikòl nan tout eta a, ogmantasyon fanatik kap chèche pi bon byè nan ti biznis pasyone dwe eksplòre Open.NY.Gov epi vin pran yon vè ak nou,” te deklare Shmaltz Brewing Company ak prezidan NYC Brewers Guild, Jeremy Cowan.

Haitian Creole

Fich done Mache Agrikòl la gen ladan enfòmasyon detaye sou lè fonksyònman ak kote mache agrikol kominotè yo ye ak tou non ak nimewo telefòn manadjè mache a.

Fich Done Mache Agrikòl: <https://data.ny.gov/Economic-Development/Farmers-Markets-in-New-York-State-Map/gfni-eg8a>

Kat Mache Agrikòl: <https://data.ny.gov/Economic-Development/Farmers-Markets-in-New-York-State/qq4h-8p86>

Bazdone Etablisman Diven, Brasri, ak Distiri gen ladan enfòmasyon detaye sou lè fonksyònman, ak kote etablisman diven, brasri, ak distiri yo ye, ak tou pou kontakte yo.

Fich Done Etablisman Diven, Brasri, ak Distiri : <https://data.ny.gov/Economic-Development/Liquor-Authority-Quarterly-List-of-Active-Licenses/hrvs-fxs2>

Kat Etablisman Diven, Brasri, ak Distiri : <https://data.ny.gov/Economic-Development/Wineries-Breweries-and-Distilleries-Map/c2hv-vmqn>

Pou konfime lè ak kote yo ye anvan nou nou deplase, kontakte mache lokal la ouben distiri lokal la.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418